


Plan leson pou liv « Janjak ak Freda ale Mache An Fè »

Tit leson an se : « Jantiyès »

Se Laissa Moïse ak Jemima Morinvil ki ekri plan leson sa a

Deskripsyon :



Nan leson sa a, elèv yo pral aprann ki sa mo « jantiyès » la vle di epi yo pral patisipe nan kèk bon aktivite ki ka sèvi kòm egzanp sou kòman moun ki janti dwe konpòte yo nan sosyete a. Mete sou sa, yo pral rive konprann tout benefis ki genyen nan tèt ansanm.

Objektif :

Nan fen leson an, elèv yo pral kapab

1. konprann epi esplike ki sa mo « jantiyès » la vle di ;
2. konprann kèk pwovèb ki mache ak konsèp « jantiyès » la ;
3. jwenn motivasyon pou ede youn lòt ;
4. aprann bon mannyè.

Preparasyon pou pwofesè :

Ekri yon memo voye bay paran yo pou ti moun yo ka jwenn pèmasyon pou yo fè travay kominotè nan lekòl la. Chèche yon bagay ki twò lou pou yon sèl grenn moun ta souleve. Nou ka deside sou yon objektif k ap mande kouraj plizyè moun pou l reyisi. Egzanp : Nou ka mande ti moun yo pou yo deplase yon gwo tonton wòch, yon ban, oubyen yon doum dlo. Mande elèv yo pou yo rezoud defi sa a nan lakou lekòl la.

Aktivite pou pwofesè :

Mande elèv yo :

- ki sa mo « jantiyès » la vle di ;
- pou yo chache pwovèb nan liv ***Janjak ak Freda ale Mache An Fè*** kote pwovèb la pale sou divès fason nou ka janti youn ak lòt ;
- ki jan pou yo janti ak kamarad nan klas yo ;
- ki jan pou yo janti ak anplwaye yo nan lekòl la (pwofesè yo, sansè lekòl la, machann k ap vann manje nan lekòl la, moun k ap travay nan direksyon lekòl la, jèran lakou a, e latriye) ;
- ki jan pou yo sèvi ak ekipman nan lekòl la san yo pa domaje ekipman sa yo.

Ede elèv yo konprann konsèp « jantiyès » la. Brase lide sou pwovèb sa yo ki nan liv la epi analize tout kalite konpòtman yon moun ki janti dwe demontre. Ede elèv yo montre tout egzanp jantiyès ki te parèt nan istwa ***Janjak ak Freda ale Mache An Fè***. Divize klas la an plizyè gwoup, epi fè chak gwoup brase lide ant yo menm ki jan yo pral montre jantiyès yo epi ki fason yo pral konpòte yo ak moun nan vwazinaj yo.

Aktivite pou elèv yo :

Premye pati :

Nan pati leson sa a, elèv yo pral sòlve defi « men anpil, chay pa lou » nan lakou lekòl la. Divize klas la an twa (3) gwoup epi ankouraje elèv yo travay ansanm. Premye gwoup la pral eseye deplase yon gwo tonton wòch. Dezyèm gwoup la pral eseye deplase yon gwo doum dlo. Epi dènye gwoup la pral eseye deplase yon ban. Chak gwoup pral deplase chay pa yo sou yon distans sis (6) pye. Ankouraje elèv yo pou yo chèche yon solisyon ant yo ki ka pèmèt yo deplase chay pa yo.

Dezyèm pati :

Òganize yon jounen aktivite pou netwayaj lekòl la. Epi bay chak gwoup jere yon seksyon diferan.

Gwoup ki fini avan an dwe ede lòt gwoup yo pwogrese. Kite elèv yo chwazi yon non pou gwoup pa yo. Pa bliye chwazi yon kapitèn ki pou sèvi kòm lidè pou chak gwoup.

- Gwoup A ap la pou siye, bale epi pase mòp nan sal klas yo.
- Gwoup An li menm ap netwaye twalèt ki nan lekòl la.
- Gwoup B ap la pou ranmase fatra epi resikle boutèy plastik yo.
- Gwoup Ch ap responsab lakou lekòl la.

Pou pwofesè a :

Evalye aktivite ak rezilta nan chak gwoup. Ankouraje elèv yo pou yo kominike ant yo. Aprann yo pou yo pale ak kamarad yo ak jantiyès. Kite yo chwazi pwòp metòd pa yo. Ba yo konsèy sèlman lè yo mande w — ki vle di kite yo kreye pwòp estrateji ak solisyon pa yo. Bat bravo pou chak elèv epi ajoute sou nòt yo paske yo fè yon bon travay.